can facilitate the enhancement of students' language proficiency, comprehension of the material, and participation in class. Furthermore, the acquisition of CLIL competencies in questioning, methodology, orientation, and historical comprehension can be facilitated through the implementation of CL approaches.

**References**


1. Арзиева Б.А. Using literary texts in developing intercultural competence. //Преимущества и проблемы использования достижений отечественной и мировой науки и технологии в сфере иноязычного образования. 2024. Т. 1. №. 1. - С. 73-74.
2. Alasgarova Rena. "Implementing CLIL techniques to History Classes: Action Research." Journal of Education in Black Sea Region, vol. 4, no. 1, 2018, pp. 146-154. Project Muse, DOI: 10.31578/jebs.v4i1.161. Accessed on 8 June 2020.
3. Bauer-Marschallinger, Silvia. Acquisition of Historical Competences in the CLIL History Classroom. Dissertation, Vienna: Universität Wien, 2016.
4. Coyle, Do et al. Towards an Integrated Curriculum: CLIL National Statement and Guidelines. London: Languages Company, 2009.
5. Dale, Liz et al. CLIL Skills. Haarlem: European Platform - Internationalising Education, 2011.
6. Del Pozo, Elena. CLIL in Secondary Classrooms: History Contents on the Move. Content and Language Integrated Learning in Spanish and Japanese Contexts. Policy, Practice and Pedagogy. Cham: Palgrave Macmillan, 2019, -P. 125-152.
7. Ditze, Stephan-Alexander, and Ana Halbach. Bilingualer Sachfachunterricht (CLIL) im Kontext von Sprache, Kultur und Multiliteralität. Frankfurt am Main: Lang, 2009.
8. Hicks, Diana. "Content and Language Integrated Learning with Diana Hicks." Erasmus+ KA1 Staff Mobility Project - Call 2017. INTO Europe to INSET - Innovation, Transnational Opportunities and Cooperation around Europe TOwards IN-SErvice Teacher Training, 2017. –P. 1-29.
9. Hoecherl-Alden, Gisela. "Turning Professional: Content-Based Communication and the Evolution of a Cross-Cultural Language Curriculum." Foreign Language Annals, Vol. 33, № 6, November/December 2000. -P. 614-621.
10. McCarthy, Patrick, and Liam Anderson. "Active Learning Techniques Versus Traditional Teaching Styles: Two Experiments from History and Political Science." Innovative Higher Education, Vol. 24, № 4, January 2000. -P. 279-294.



**REZYUME.** Ushbu maqola CLIL tarixi bo'yicha kompetentsiyalar tushunchasi bilan tanishtiradi va o'quvchilarning mavzu va til bilimlariga ta'sir qiluvchi hamkorlik usullari orqali amalga oshiriladigan bir qator tadbirlarni taqdim etadi. CLIL tarixi tarixiy bilimlarni uzatishga urg'u beradigan, o'qish va tinglab tushunishni yaxshilaydigan hamda o'quvchilardan yozma mahsulot ishlab chiqarishni talab qiladigan faoliyatlardan foyda olishi taklif qilinmoqda.

**РЕЗЮМЕ.** В статье представлена концепция компетенций в истории CLIL и представлен ряд мероприятий с помощью совместных методов, которые влияют на предметные и языковые знания учащихся. Предполагается, что история CLIL принесет пользу из мероприятий, которые подчеркивают передачу исторических знаний, улучшают понимание чтения и аудирования и требуют от учащихся создания письменного продукта.

**SUMMARY.** This article introduces the concept of competences in the history of CLIL and presents a range of activities through collaborative methods that influence learners' subject and language knowledge. CLIL history is suggested to benefit from activities that emphasize the transfer of historical knowledge, improve reading and listening comprehension, and require students to produce a written product.


## ТАЛАБАЛАРДЫҢ КӨРКЕМ-ДӨРЕТИЎШИЛИК УҚЫПЛЫЛЫҚЛАРЫ МЕНЕН ЭСТЕТИКАЛЫҚ ТАЛҒАМЫН СҮЎРЕТЛЕЎ ӨНЕРИ ЖӘРДЕМИНДЕ РАЎАЖЛАНДЫРЫЎДЫҢ ТИЙКАРЛАРЫ


**Т.В.Уразимова** – *көркем-өнер таныў илимлери кандидаты, доцент*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** бадиий ва ижодий қобилиятлар, естетик дид, тасвирий санъат, педагогика.

**Ключевые слова:** художественно-творческие способности, эстетический вкус, изобразительное искусство, педагогика.

**Key words:** artistic and creative abilities, aesthetic taste, fine arts, pedagogy.


Педагогиканың педагогикалық теориясы ҳәм практикасының ең әхмийетли ҳәм зәрүрли ўазыйпаларының бири дөретиўши инсанды ҳәм соның менен бирге сүўретлеў өнери тийкарында талабалардың көркем-дөретиўшилик уқыплылықлары менен эстетикалық талғамын раўажландырыўдың тийкарғы концепция ойының маңызлы-мазмунлылық мәнисин қәлиплесетириў болып табылады. Ҳақыйқатында, бул контекстте сүўретлеў өнери ең нәтийжели усыл болып

табылады. Қызықлы ҳәм көп қырлы предмет бола отырып, сүўретлеў өнери тәбияты ҳәм қызығыўшылықлары бойынша ҳәр қыйлы адамларды өзине тартыўға мүмкиншилик жарататуғын, көп санлы, орынланыўы бойынша ҳәр қыйлы техникаларға, усылларға ийе.

Өзбекстанның үзликсиз билимлендириў системасында талабаның жеке инсан сыпатында өсиўине айрықша дыққат қаратылған. Атап айтқанда, субъектке, оған жеке қатнас жасаўды есапқа ала отырып, оның жеке инсанлық сыпаты, өз бетинше искерлиги арқалы адамның жеке инсан сыпатында өзин таныўы, өз бетинше шешим қабыл етиўи ҳәм ең ақырында өзиниң жумысын таллаўы әмелге асырылады. Талабалардың көркем-дөретиўшилик уқыплылықлары менен эстетикалық талғамын сүўретлеў өнери жәрдеминде раўажландырыўдың тийкары, айқын көринип турған унамлы қызғын тәсирлер ҳәм олар арқалы ақыл мийнетинен ләззетлениў болып табылады. Бул көп тәрепи бойынша талабаның авторлық өзгешелигинде, оның сүўретлеп көрсетиўдиң образлылық тилинен (композиция, фактура, көлем, ритм, рең, сызық) пайдаланыўында, жаңа образлардың көринислерин ҳәм моделлерин жаратыў, табылған усылларды қайта ислеў уқыплылығында көринеди.

Ҳәзирги постиндустриал дәўир жәмийеттиң барлық тараўларында дөретиўши инсанның тутқан орынын ҳәм ролин жоқары көтерди. Усыған байланыслы соңғы ўақытлары Өзбекстанда билимлендириў тараўында әҳмийетли жаңалықлар киргизилди, сезилерли өзгерислер жүз берди. Бүгинги күнниң социаллық-мәдений талаплары билимлендириў системасының алдына жоқары кәсиплик шеберликке ийе, дөретиўши, ҳәзирги заманның инновациялық өзгерислерине ийкемлесе алатуғын қәнигелерди оқытып таярлаў ҳәм тәрбиялаў ўазыйпаларын қояды. Көркемлик билимлендириў мәселесин қарай отырып, биз бул көз-қарас аспекттиң көп қырлылығын ядта сақлаўымыз керек. Себеби, бул тек ғана билимлендириў системасының өзи ушын кәсипшил кадрларды таярлаў емес, олар және де сүўретлеў өнери тараўындағы кәсип маманлары, дүнья жүзилик бирлеспелер алдында усы тараўды изертлеўшилер ҳәм үгит-нәсиятлаўшылар да болыўы тийис. Буннан тысқары нәтийжели, мәдений, дөретиўшилик индустрияның раўажланыўы Өзбекстан Республикасындағы туризмниң раўажланыўының тийкары да болып табылады [1].

Көркемлик билимлендириў системасы тек ғана көркем өнер усыллары менен билимлендириў болып есапланбайды, ол кең көлемдеги гуманитарлық-мәдeният изертлеўшилик илимий тийкарды да талап етеди. Сонлықтан оның тийкарғы ўазыйпасы, тийкарында ақыл менен ойлаў, эстетикалық көркемлик ҳәм этикалық-дүньятаныў көзқараслары жататуғын гуманитар ҳәм инсаныйлық мәдениятты қәлиплестириў болып табылады. Өзинде ақыл менен ислеў ҳәм дөретиўшилик уқыплылықларды бирлестире отырып, көркемлик билимлендириў мәдeният, билимлендириў ҳәм көркем өнер арасында бир қанша динамикалы ҳәм жемисли байланыслар жүргизиўге мүмкиншилик береди. Атап айтқанда, көркемлик билимлендириў инсанның раўажланыўының оқыў, үйрениў ҳәм күшли тәсирлениў жағдайларын теңлестире алады, ҳәм усының менен адамның көркем-дөретиўшилик уқыплылықлары менен эстетикалық талғамының раўажланыўына жәрдем береди. ЮНЕСКОның көркем өнер тараўындағы билимлендириў бойынша Биринши дүнья жүзилик конференциясы Декларациясының стратегиялық бағдары: «көркем өнер арқалы оқытыў ҳәм оқыў» (Лиссабон, Португалия, 2006-жыл), сондай-ақ ЮНЕСКОның Екинши дүнья жүзилик конференциясының усынислары (Сеул, Корея Республикасы, 2010 жыл) – буның дәлили бола алады.

Талабалардың көркем-дөретиўшилик уқыплылықлары менен эстетикалық талғамының раўажланыўы, дөретиўшилик негизлердиң ашылыўы, ҳәзирги заман жәмийетиниң оғада әҳмийетли зәрүрликлери, оның нәтийжели раўажланыўының, алға илгерилеўиниң тийкарғы шәртлериниң бири. Инсанның раўажланыў барысының үзликсизлигин есапқа ала отырып, билимлендириў процесиниң концептуал тийкарлары да, оның өз ўазыйпаларын дурыс атқарыўына жәрдем беретуғын педагогикалық технологиялардың өзгериўи менен педагогикалық-шөлкемлестириўшилик шараятларының талаплары да өзгерип барады.

Талабалардың көркем-дөретиўшилик уқыплылықлары туўралы айта отырып, биз биринши гезекте, тийкарында, оларға иске кирисиўдиң жаңалығы ҳәм сапалық өзгертилиўи тән болған, ҳәр қыйлы, гейде қәлиплескен стандарт үлгиге келмейтуғын шешимлерди излеўге, ойлаўдың инновациялық тийкарларының раўажланыўына айрықша дыққат аўдарыўымыз тийис.

Билимлендириўдиң улыўма системасында талабалардың көркем-дөретиўшилик уқыплылықлары менен эстетикалық талғамын сүўретлеў өнери тийкарында раўажландырыў, тиккелей объекттиң оқытыў барысына инталылығына, оның жеке өзиниң мүтәжликлерине ҳәм ең баслысы қызығыўшылығының себеплерине тийкарланды. Талабалардың көркем-дөретиўшилик уқыплылықлары менен эстетикалық талғамын раўажландырыў ушын анық белгили педагогикалық шараятларды белгилей отырып, биринши гезекте оқытылып атырғанлардың жас категориясын есапқа алыў керек. Бул, субъектке, оқытыў процеси (теориялық оқытыў) тийкарында, оларды жүзеге асырыўға сүўретлеў өнери

бойынша хәр қыйлы хабарландырыў қуралларын түсиниўге, қайта ислеўге, қайта ойлап көриўге, таллаўға хәм т.б. уқыплылықларының болыўы жәрдем ететуғын, бир қатар әмелий жумысларды, тапсырмаларды орынлаў зәрүр болатуғын сүўретлеў өнерине де толық дәрежеде тийисли. Атап айтқанда барлық компонент қурам бөлеклериниң толық пүтинлиги субъектке қоршап турған өмир ҳақыйқатлығын дурыс сәўлелендириў бойынша бир қатар әмелий тапсырмаларды орынлаўына мүмкиншилик береди [2;3].

Талабалардың көркем-дөретиўшилик уқыплылықлары менен эстетикалық талғамын раўажландырыў мәселесинде дөретиўшилик мүмкиншиликлер аспекти ақыл менен ойлаў билиў қәбилетиниң хәм әмелий билимлериниң, зейинлиликлериниң хәм уқыплылықларының жыйындысы сыпатында тәрийпленеди. Дөретиўшилик мүмкиншиликлер мәселелерди қойыўда, сондай-ақ оларды шешиў жолларын излеўде пайдаланылады. Бул жағдайда дөретиўшилик мүмкиншиликти субъекттиң, айрықшалығының тийкары ойлаў (билиўге хәўеслик, өзгешелик, системалылық, пүтинлик, сыншыллық), перцепциялар (тәсирлениўшилик, фантазия, нәзик түсиниўшилик, қыял етиўшилик), өз күши менен жумыс ислеўге уқыплылық (қайсарлық, исенимлилик, ериклилик), табысқа ерисиўге умтылыўшылық, тәўекел ете алыўшылық) хызмет еткен, жаңалық жаратыўдағы белгили дәрежедеги жеке инсанлық уқыплылық сыпатында қараў керек [4;5].

Усыған байланыслы: «талабаларды дөретиўшиликке қалай оқытыў-үйретиў керек? Эстетикалық талғамын қалай раўажландырыўға болады?» – деген әхмийетли саўал пайда болады. Алға қойылған бул мәселени шешиўде субъекттиң үйреншикли үлги бойынша емес, стандарт емес ойлаў қәбилети әхмийетли роль атқарады. Буннан тысқары билимлендириўдиң баслы мақсетлериниң бири, төмендеги төрт қурам бөлекти өз ишине алатуғын, инсанның социаллық тәжирийбени өзлестирип алыўының зәрүрлиги болып табылады:

- ➢ тәбият хәм жәмийет ҳаққында билимлер;
- ➢ искерликтиң тийкарғы усылларын әмелге асырыў бойынша тәжирийбеге ийе болыў;
- ➢ хәм нәтийже сыпатында жумыс ислеўде дөретиўшилик тәжирийбениң бар болыўы;
- ➢ сондай-ақ қоршап турған дүньяға хәм искерликке бир пүтин-сезимталлы тәсиршеңлик (комплексли) қатнаста болыў, оны түсиниў тәжирийбеси де зәрүр.

Солай екен, оқытыў барысы, тийкарында ойлаўдың жаңа усылларын өзлестириў хәмде оқыў-үйрениў хәм дөретиўшилик тәжирийбеси бир комплексте жататуғын, талабалардың көркем-дөретиўшилик уқыплылықлары менен эстетикалық талғамын раўажландырыўға бағдарланған болыўы тийис. Билимлендириў процесинде стандарт емес ойлаўдың раўажландырылыўы төмендегилерге тийкарланады:

- ➢ стандарт жағдайда жаңа мәселени көриў хәм ашып көрсетиў уқыплылығы;
- ➢ мәселени өзинше шеше алыў хәм топлаған билимлерин хәм шеберликлерин жаңа жағдайларға көшире алыў уқыплылығы;
- ➢ объекттиң толық дүзилисин көре алыў уқыплылығы;
- ➢ мәселени шешиўде альтернативалық вариантлардан пайдаланыў;
- ➢ жаңа мәселени шешиўде бурыннан белгили усылларды, креативлиликти есапқа ала отырып, араластырып ямаса өзгертип қоллана алыў уқыплылығы.

Бул көрсетилген мәселелерди, улыўма билимлендириў процесинен тысқары, миннетли болмаған факультатив, өз бетинше хәм жеке сабақларда, сондай-ақ қосымша билим алыў системаларында да шешиўге болады.

Талабалардың көркем-дөретиўшилик уқыплылықлары менен эстетикалық талғамын сүўретлеў өнери жәрдеминде раўажландырыў барысында субъекттиң жеке креативлигине дыққат аўдарыў зәрүр. Бул жағдайлар, атап айтқанда избе-изликте келгенде көркем-дөретиўшилик көзқарасынан, инсанның ақылы толысқан болып қәлиплесиўине жәрдем етеди:

- ➢ атап айтқанда дөретиўшилик қатнас адамның ишки дүньясының раўажланыўына жәрдем етеди;
- ➢ қоршап турған дүньяны дөретиўшилик пенен түсиниў хәм өзлестириў адамға бул дүньядағы өзгерислерди ылайықлы түсинип қабыл етиўге хәм ең баслысы оларды сапалы хәм әдетий емес жол менен шешиўге мүмкиншилик береди;
- ➢ дөретиўшилик жумыс барысы, инсанға процестиң өзиниң қатнасыўшысы болыўына мүмкиншилик береди;
- ➢ субъекттиң жеке қәсийетлерин жетилистириў, оған келешекте өз ойын иске асырыўға мүмкиншилик жаратады;
- ➢ жуўмақлаў ретинде дөретиўшилик уқыплылықлардың раўажланыўы көркемлик қызығыўшылықты қәлиплестиретуғынлығын, хәм сол арқалы дүньяны көркемлик көз-қарастан түсиниўин тәмийинлейтуғынлығын атап өтиўге болады.

Ҳәзирги заман дүньясындағы глобалласыў процесиниң күшейиўи билимлендириўдиң мазмунының хәм формаларының өзлериниң өз-ара ийкемлесиўине хәм биригиўине (интеграцияланыўына) жәрдем етеди. Өзбекстанның сыртқы сиясатында кейинги ўақытлары жүз берген өзгерислер алдыңғы дүнья жүзилик жоқары оқыў орынлары менен шерикликте ислеў, хәр түрли бағдарларда тәжирийбелер алмасыў ушын және де кеңирек мүмкиншиликлер жаратылыўына жәрдем етти. Билимлендириўдиң хәзирги талапқа сәйкеслендирилиўи Ғәрезсиз Мәмлекетлердиң Дослық Аўқамындағы жақын еллер менен де,

ҳәмде раўажланған еллердиң алдыңғы қатардағы илимий-билимлендириў орайлары менен де бирге ислесиўге мүмкиншиликлер ашып берди. Бирге ислесиў барысында, кейинги ўақытлары киргизилген өзгерислер менен биргеликте, билимлендириў процесиниң ҳәзирги заманға сәйкес ислеп шығылған миллий стандартлары тийкарында, инновациялық иске кирисиўди қоллана отырып, жуўмақлаўшы нәтийжеде кең пейиллик ҳәм эмпатияны да умытпай, биз жақсы нәтийжелерге ерисемиз.

Өзбекстан Республикасының жоқары кәсиплик билимлендириўиниң стандартлары көп басқышлы педагогикалық билимлендириў системасына тийкарланған ҳәм биринши гезекте талабаларда улыўма мәдений, улыўма кәсипшиллик ҳәм кәсиплик билимлиликлерди қәлиплестириўге бағдарланған. Кәсиплик көркемлик билимлендириўде талабалардың алдына тек ғана көркем өнер тараўындағы теориялық билимлерди ҳәм сүўретлеў искерлиги уқыплылықларын ийелеў ўазыйпасы емес, ал педагогикалық методиканы да өзлестириў ўазыйпасы турады. Демек, бул жерде арнаўлы ҳәм психологиялық-педагогикалық пәнлердиң үлкен интеграциясы ҳаққында сөз болып отыр. Атап айтқанда көркем-педагогикалық билимлендириў процесиниң модернизацияланыўы тийкарында көркем-педагогикалық билимлендириўдиң тәртипке салыныўын (унификация) ҳәмде нәтийжеде, билимлендириўдиң миллий стандартлары ҳәм сондай-ақ дүнья жүзилик билимлендириў стандартлары тийкарында талабалардың таярлығының сапасының жоқарылағанлығын көриўге болады. Себеби, тап усы көркем өнердиң ҳәр қыйлы түрлерин түсиниў, айырым жағдайларды есапқа ала отырып оған тийкарланып инсанның жоқары әдеп-икрамлылығы, мәдениятлылығы, ҳәр тәреплеме раўажланыўы қәлиплесетуғын, инсандағы эстетикалық көзқарастың раўажланыўына жәрдем етеди.

Жуўмақлап айтқанда, алдағы ўақытта изертлеўди талап ететуғын әҳмийетли мәселелерге, инсанның көркем-дөретиўшилик уқыплылықлары менен эстетикалық талғамының раўажланыўындағы сүўретлеў өнериниң барлық түрлериниң теориялық-педагогикалық тийкарларын, талабалардың көркемлик ҳәм дөретиўшилик уқыплылықларын анықлаўдың диагностикалық методикаларын ҳәм белгилерин ислеп шығыўды; көркем-эстетикалық циклдеги оқытыў-тәрбия процеслерин жетилистириўдиң заманагөй инновациялық технологияларын қолланыўды; үзликсиз көркемлик билимлендириў системасының барлық басқышларының өтпели, интегративлик оқытыў жобаларын ҳәм бағдарламаларын ислеп шығыўды киргизиў керек.

## Әдебиятлар


1. Өзбекстан Республикасының туризм ҳаққындағы нызамы, 2019-жыл 18-июль, № ӨзРН-549) (Закон Республики Узбекистан о туризме**.** 18 июля 2019 г., № ЗРУ-549.
2. Полат Е.С., Бухаркина М.Ю. Современные педагогические и информационные технологии в системе образования. -М.: Издательский центр «Академия», 2010 –С. 368.
3. Лихачев Б.Т. Педагогика. Курс лекций: Учеб. пособие для студ. пед. учеб. заведений и слушателей ИПК и ФПК. – М.: «Прометей, Юрайт», 1998. –С.464.
4. Абульханова-Славская К.А. Диалектика человеческой жизни (Соотношение философских, методологических и конкретно–научных подходов к проблеме индивида). – М.: 1997. –С. 224.
5. Ананьев Б.Г. Человек как предмет познания. 3–е изд. – СПб.: -Питер: 2001. –С. 282.



**РЕЗЮМЕ.** Мақола талабаларда бадиий ва ижодий қобилиятларни ва естетик дидни ривожлантиришга бағишланган. Тасвирий санъат ва амалий санъатнинг шаклланиш ва ривожланиш тарихи контекстида ўқувчиларнинг бадиий-ижодий қобилиятлари ва естетик дидининг ривожланишини ҳисобга олиб, естетиканинг шахс шаклланишига таъсир етиш жараёнини ҳисобга оламиз. Шу муносабат билан биз естетика естетик тарбия назарияси, естетик педагогика, тасвирий ва декоратив санъатни ўқитиш жараёнида ўқувчиларнинг бадиий ижодий қобилиятларини ривожлантиришга таъсир етувчи муҳим таркибий қисм сифатида еътибор берамиз.

**РЕЗЮМЕ.** Статья посвящена вопросам развитию художественно-творческих способностей и эстетическому вкусу у студентов. Рассматривая развитие художественно-творческих способностей студентов и эстетического вкуса в контексте истории становления и развития изобразительного и декоративно-прикладного, нами учитывается процесс влияния эстетики на становление личности. В связи с этим мы уделяем внимание эстетике как теории эстетического воспитания, эстетической педагогике, как значительной составляющей, влияющей на развитие художественно-творческих способностей студентов в процессе обучения изобразительному и декоративно-прикладному искусств**.**

**SUMMARY.** The article is devoted to the development of artistic and creative abilities and aesthetic taste in students. Considering the development of artistic and creative abilities of students and aesthetic taste in the context of the history of the formation and development of fine and decorative and applied arts, we take into account the process of influence of aesthetics on the formation of personality. In this regard, we pay attention to aesthetics as a theory of aesthetic education, aesthetic pedagogy, as a significant component influencing the development of artistic and creative abilities of students in the process of teaching fine and decorative and applied arts.